

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1. Kasang Tukang Masalah

Manusa henteu bisa leupas tina basa pikeun nepikeun pesen atawa gagasan. Ku kituna, basa téh mangrupa ciri tina paripolah manusa sarta anu ngabédakeun manusa jeung mahluk séjénna. Chaer jeung Leonie (2004; 14) nyebutkeun yén basa téh minangka alat pikeun ngayakeun interaksi atawa alat pikeun ngayakeun komunikasi, dina hartian alat pikeun nepikeun pikiran, gagasan, konsép, atawa ogé perasaan. Nya kitu deui pamadegan ahli séjén, nya éta Michel (Chaer jeung Leonie, 2004; 15) ngajéntrékeun yén basa téh miboga fungsi minangka alat komunikasi manusa.

Sakabéh gagasan, konsép sarta pikiran manusa téh ngan bisa ditepikeun ka jalma ngaliwatan basa, boh dina ragam lisan boh ragam tinulis. Dina basa ragam lisan, nepikeun gagasan atawa konsép téh langsung ditepikeun ngaliwatan omongan jeung lawan panyaturna. Sedengkeun dina ragam tinulis, anu narima gagasan téh henteu langsung paadu hareup jeung panyaturna tapi ngayakeun hubungan komunikasi téh ngaliwatan déskripsi wacana atawa bacaan (Pateda, 1987; 63).

Sakola minangka hiji lambaga ngabogaan peran anu kawilang penting pikeun ngamekarkeun basa Sunda. Sakola téh mangrupa salah sahiji tempat lumangsungna prosés diajar ngajar. Ku kituna, sakola boga kawajiban pikeun ngamekarkeun poténsi anu nyampak dina diri murid-muridna. Guru salaku anu

ngajar kalibet langsung dina ngamekarkeun basa Sunda hususna, umumna sakabéh materi pembelajaran anu aya dina kurikulum.

Murid tingkat SMP geus bisa narima stimulus anu dibikeun ku guru kalayan bener, geus bisa ngalakukeun komunikasi sarta geus bisa ngalaksanakeun tugas-tugas diajarna. Murid dina ngalaksanakeun komunikasi téh ngabutuhkeun kaparigelan ngagunakeun basa atawa kamampuhan verbal. Dina umuran murid SMP, budak geus resep maca, ngaregepkeun, nulis, sarta nyarita jeung jalma séjén, ku kituna geus mampuh ngagunakeun basa minangka alat kalayan bener-bener penting pikeun nepikeun gagasan, pamikiran, jeung perasaan ka lawan panyaturna.

Murid-murid SMP téh aya di tengah-tengah masarakat anu hétérogén. Kahétérogénan éta téh ngawarnaan karagaman basa anu dicangking ku murid, nepi ka ngawarnaan basa anu digunakeun minangka basa panganteur di sakola.

Ragam basa anu digunakeun ku guru jeung murid téh bisa dipaluruh ngaliwatan prosés interaksi anu lumangsung dina prosés diajar ngajar basa Sunda. Ngaliwatan ucapan lisan atawa ébréhan gagasan anu ditepikeun guru jeung murid sacara langsung bisa dipikanyaho sarta sakaligus bisa ngagambankeun kamampuh basana. Basa ragam lisan téh bisa nangtukeun eusi pesen anu ditepikeun ka lawan panyaturna, sarta bisa dipaluruh sacara langsung ngeunaan interférensi, campur kode, sarta alih kode anu dilakukeun ku guru jeung murid dina prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung.

Interférensi, campur kode, jeung alih kode anu dilakukeun ku guru jeung murid dina prosés diajar ngajar éta nya éta ayana kasalahan ngagunakeun basa Sunda balukar tina pangaruh basa Indonésia.

Kontéks komunikasi dina panalungtikan ieu téh ditekenkeun kana kagiatan dina ngagunakeun basa sacara terus-terusan, nya éta dina waktu guru jeung murid ngalakukeun prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung.

Dumasar kana keterangan di luhur, panulis ngarasa perlu pikeun nalungtik basa anu digunakeun ku guru jeung murid SMP Negeri 52 Bandung dina waktu lumangsungna prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung.

## **1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1. Watesan Masalah**

Ragam basa dina ieu panalungtikan diwatesan dina situasi formal, nya éta dina waktu lumangsungna interaksi antara guru jeung murid dina prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung di SMP Negeri 52 Bandung. Sedengkeun masalah anu baris ditalungtik dina ieu panalungtikan nya éta interférensi, alih kode, jeung campur kode kana basa anu muncul salila lumangsungna prosés diajar ngajar.

### **1.2.2. Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah di luhur, aya sababaraha masalah anu perlu dirumuskeun. Ku kituna, masalah dina ieu panalungtikan téh baris dirumuskeun dina wangun kalimah pananya, nya éta:

- 1) interférensi naon baé anu muncul dina waktu guru jeung murid SMP Negeri 52 Bandung ngalaksanakeun prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung?;
- 2) alih kode naon baé anu muncul dina waktu guru jeung murid SMP Negeri 52 Bandung ngalaksanakeun prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung?; jeung
- 3) campur kode naon baé anu muncul dina waktu guru jeung murid SMP Negeri 52 Bandung ngalaksanakeun perosés diajar ngajar basa Sunda?.

### **1.3. Tujuan Panalungtikan**

Tujuan dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsiéun:

- 1) interférensi anu muncul dina waktu guru jeung murid SMP Negeri 52 Bandung ngalaksanakeun prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung;
- 2) campur kode anu muncul dina waktu guru jeung murid SMP Negeri 52 Bandung ngalaksanakeun prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung; jeung
- 3) alih kode anu muncul dina waktu guru jeung murid SMP Negeri 52 Bandung ngalaksanakeun prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung.

### **1.4. Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan nya éta sakumaha anu ditulis di handap ieu.

- 1) Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan ragam basa Sunda anu patali jeung gejala interférensi, campur kode, jeung alih kode kana basa anu digunakeun ku guru SMP Negeri 52 Bandung dina prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung.
- 2) Mangpaat praktis
  - a) Informasi pikeun guru sangkan bisa ngaévaluasi dina ngagunakeun basa dina prosés diajar ngajar pikeun nangtukeun kawijakan dina ngagunakeun basa panganteur di kelas.
  - b) Informasi pikeun masarakat umum ngeunaan ragam basa Sunda anu digunakeun dina prosés diajar ngajar di SMP Negeri 52 Bandung.

## **1.5. Anggapan Dasar jeung Raraga Tiori**

### **1.5.1. Anggapan Dasar**

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan téh nya éta anu sakumaha anu ditulis di handap ieu.

- 1) Basa Sunda mangrupa basa indung di Provinsi Jawa Barat jeung Provinsi Banten.
- 2) Basa Sunda mangrupa basa panganteur dina nepikeun pangajaran basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung.
- 3) Basa Sunda mibanda basa standar anu disebut basa lulugu, nya éta basa Sunda wewengkon Priangan (utamana Bandung). Jeung
- 4) Basa Sunda mibanda rupaning wujud makéna basa dina kahirupan panyaturna anu disebut ragam basa.

### **1.5.2. Raraga Tiori**

Sumber pabukon anu digunakeun mangrupa dadasar tiori dina ieu panalungtikan nya éta buku Kedwibahasaan dan Pendidikan Dwibahasa (Kamaruddin, 1989), Sosiolinguistik Téori dan Probléma (Suwito, 1983), Sosiolinguistik Perkenalan Awal (Chaer jeung Leonie, 2004), Sosiolinguistik (Pateda, 1987), Sosiolinguistik (Sumarsono jeung Paina Partana, 2004), sarta Sosiolinguistik (R. Hudson, 1998).

## **1.6. Wangenan Operasional**

Wangenan operasional téh dimaksudkeun pikeun ngajelaskeun hal-hal penting anu mangrupa kecap poko dina ieu panalungtikan. Patali jeung éta hal, istilah husus anu sacara operasional digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta:

- 1) ragam basa, anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta variasi basa dina ngagunakeun basa Sunda anu ngawengku interférensi, alih kode, jeung campur kode;
- 2) interférensi, anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta robahna sistem basa Sunda patali jeung ayana pangaruh unsur-unsur basa séjén anu dilakukeun ku panyatur bilingual;
- 3) alih kode, anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta bagantina unsur basa anu digunakeun; jeung
- 4) campur kode, anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta digunakeunana paling saeutik hiji klausa tina basa séjén dina hiji omongan.

Jadi anu dimaksud “Ragam basa anu digunakeun dina prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung” téh nya éta hiji panalungtikan ka guru jeung siswa SMP Negeri 52 Bandung ngeunaan gambaran ragam basa anu muncul dina basa panganteur salila lumangsungna prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung.

### **1.7. Sistematika Nyusun Panalungtikan**

Tahap nyusun panalungtikan, disusun dumasar kana aturan-aturan ilmiah dina wengku skripsi. Ti mimiti bab I nepi ka bab V. Mimiti bab I, nya éta bubuka anu ngawengku kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan jeung mangpaat panalungtikan, anggapan dasar, raraga tiori, sarta métode jeung téhnik panalungtikan. Bab II ngeunaan tatapakan tiori, sakabéh tiori anu aya patalina jeung kagiatan panalungtikan. Bab III ngeunaan métode anu digunakeun dina panalungtikan. Bab IV nya éta déskripsi jeung analisis data. Bab V mangrupa kacindekan jeung saran.

